



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 5/3/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE CHANJMAN POU EDE KONBAT VYOLANS DOMESTIK

Fòm senplifye a ap pèmèt ajans lapolis yo pi byen dokimante apèl ensidan vyolans domestik, amelyore viktim ak sekirite ajan yo ak investigasyon sou krim vyolans domestik

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Eta New York te revize Fòm Rapò Ensidan Vyolans Domestik li a, sa kap pèmèt ajan yo kolekte enfòmasyon ki pi detaye pou amelyore investigasyon yo, amelyore sekirite ofisye yo epi konekte viktim vyolans domestik yo avèk sèvis pou ede yo kraze sik abi a. Ajan lapolis yo gen obligasyon dapre lalwa pou konplete rapò a kèlkeswa lè yo reponn a yon apèl ensidan vyolans domestik, keseswa yo fè yon arestasyon. An mwayèn, ofisye yo nan tout eta te konplete yon estimasyon 400,000 rapò ensidan vyolans domestik chak ane.

"Nou dwe fè tout sa nou kapab pou pwoteje viktim vyolans yo, asire ke yo gen aksè a resous ke yo bezwen, epi ede lapolis mennen abizè yo devan lajistis," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Gwo varyete enfòmasyon ki te kolekte nan rapò remanye sa ap jwe yon wòl enpòtan nan kenbe ofansè yo responsab epi bay viktim yo sipò yo bezwen pou kraze sik vyolans lan."

Dènye remanman ke Eta New York te fè sou Rapò Ensidan Vyolans Domestik, sa ke lapolis te gen obligasyon pou itilize pandan plis pase de deseni, nan 2011. Dènye revizyon yo elimine repwodiksyon e li bay plis espas pou detay naratif, enfòmasyon sou entèvyou avèk viktim yo ak deklarasyon ki soti bò kote temwen ak/oswa sispèk. Remanman ap pèmèt ajan yo dokimante egalman nan fason ki pi egzat rezon ki mete viktim yo a risk, eta emosyonèl yon viktim ak nenpòt istwa vyolans domestik ki te fèt deja— yo tout enpòtan pou evalye danje fizik yon viktim ap andire.

Anplis, rapò ajou a ap pèmèt ajan yo pi byen detaye evidans nan yon sèn ki kapab ede nan pouswit si yo te fè yon arestasyon. Pa egzanp, ajan yo ka kounye a dokimante enfòmasyon sou krim etrangleman, yon fòm vyolans domestik komen ki kapab difisil pou pwouve paske souvan pa gen blesi fizik vizib pou yon viktim. Kesyon Wi / Non avèk kazyè ki koresponn ap amelyore tou presizyon koleksyon done a.

Sèvis Divizyon Jistis Kriminèl ak Biwo Eta pou Prevansyon ak Vyolans Domestik te kowòdone rekonsepsyon, konte sou patisipasyon lapolis, pouswit, defansè viktim, founisè sèvis sivil legal, pwobasyon ak ofisye libète pwovizwa pou asire ke rapò a ta

fasil ak efikas pou itilize. Depi rekonsepsyon an te fini, Depatman Lapolis Albany ak Schenectady te kòmanse itilize rapò a pi bonè ane sa pou asire ke li te efikas nan domèn lan.

Ajans lapolis yo toupatou nan eta ap kòmanse itilize rapò revize a mwa sa a. Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl ap ofri yon fòmasyon sou entènèt ki bay yon apèsi sou rapò revize a ak fason li ta dwe ranpli. Apeprè 2,000 ajans te pran kou a jiska dat.

Komisyone Egzekitif Adjwen Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Michael C. Green te deklare, "Antanke yon ansyen pwokirè, mwen konnen kijan li enpòtan pou gen otan de detay posib sou yon krim lè yap prepare yon dosye pou gran jiri oswa jijman. Apèl pou vyolans domestik ka enprevizib ak konplike, egzije pou ajan yo evalye rapidman ak difize souvan sitiasyon an anvan yo dejenere. Fòm remanye a ap senplifye, sa ki pral rann li pi fasil pou ajan yo pi byen dokimante prèv ki pral ede pwokirè yo ranfòse dosye yo epi pote ofansè yo nan jistis."

Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik Gwen Wright te deklare, "Nouvo rapò ki amelyore a gen posibilite pou ogmante sekirite pou viktim vyolans domestik yo. Ajan Lapolis yo gen obligasyon pou mande yon seri kesyon ki endike risk, si yo reponn nenpòt afimativman, yo dwe refere imedyatman viktim lan a sèvis ki apwopriye. Anplis, rapò a ap ede lapolis nan bay ajan yo plis enfòmasyon pou koleksyon prèv, sa ki kapab sipòte akizasyon kriminèl amelyore."

Anplis pou dokimante detay sou yon ensidan, rapò a gen ladan yon avi sou dwa viktim lan nan lang Angle ak Panyòl. Lwa a te siyen nan mwa Fevriye pa Gouvènè Cuomo kounye mande ajans yo pou bay notifikasyon sa nan senk lòt lang ki pa angle ke moun ki nan Eta New York pale pi kouran: Kreyòl Ayisyen, Italyen, Koreyen, Ris and Chinwa. Pou ede ajans yo avèk règlemantasyon lwa sa, Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl te tradwi avi sou dwa viktim yo nan lang sa yo e li te mete l disponib sou entènèt: www.criminaljustice.ny.gov.

Biwo Sèvis pou Viktim Eta New York itilize rapò sa yo tou pou ede detèmine si viktim krim yo kalifye pou asistans nan men ajans lan, ki pral peye fakti medikal ak dantè, depans pou demenaje ak antèman, epi bay konpansasyon pou pèt salè ak sipò, pami lòt fòm asistans.

Direktè Biwo Sèvis Viktim Elizabeth Cronin te deklare, "Pandan 50 ane, OVS te kondwi ajans eta pou bay èd, swen ak sipò pou viktim krim inonsan nan Eta New York. Lapolis, pi souvan se premye pwen kontak apre yon krim. Se poutèt sa li enpòtan pou lapolis itilize pi bon zouti posib, tankou nouvo rapò sa a. Amelyorasyon ki te fèt nan rapò ensidan domestik ap ede rasanble enfòmasyon adisyonèl, sa ki pral anretou ede viktim krim yo jwenn sèvis amelyore pi rapid nan men OVS."

Ajans ak asosyasyon ki annaprè yo te ede Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl ak Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik avèk remanman fòm nan: Biwo Sèvis pou Viktim, Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominote Eta New York, Lapolis Eta New York,

Lapolis Vil New York, Asosyasyon Chèf Lapolis Eta New York, Asosyasyon Avoka Distri Eta New York, Asosyasyon Cherif Eta New York ak Kowalisyon Eta New York kont Vyolans Domestik Eta New York.

[Sèvis Divizyon Jistis Kriminèl nan Eta New York](#) se yon ajans sipò jistis kriminèl plizyè fonksyon avèk yon varyete responsablite, enkli fòmasyon pou moun kap fè respekte lalwa; koleksyon ak analiz done krim nan tout eta; antretyen nan dosye enfòmasyon istwa kriminèl ak anprent; sipèvizyon administratif nan baz done ADN eta, an patenrya avèk lapolis Eta New York; finansman ak sipèvizyon pwogram pwobasyon ak koreksyon kominote; finansman administrasyon federal ak jistis kriminèl eta; sipò a ajans ki gen rapò a jistis kriminèl toupatou nan eta; ak administrasyon rejis delenkan seksyèl eta.

[Biwo pou Prevansyon Vyolans nan kay](#) gen responsablite pou l amelyore entèvansyon kominote onivo eta ak lokal nan ka vyolans nan kay. OPDV ofri konsèy bay pèsonèl Egzekitif sou politik ak lejislasyon; anime aktivite sansibilizasyon nan tout kominote yo epi fòm pwofesyonèl sou kijan pou rezoud vyolans nan kay nan yon pakèt domèn, tankou pwoteksyon timoun, aplikasyon lalwa ak swen sante.

Viktim vyolans nan kay ak agresyon seksyèl ka chèche èd 24 sou 24 lè yo rele liy telefòn dirèk plizyè lang eta – 1-800-942-6906 oubyen 1-800-942-6908 – oswa 711 pou moun ki gen pwoblèm tandè. Nan Vil New York: 1-800-621-HOPE (4673), 311 oswa TTY: 1-866-604-5350.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418